

**NILAI MORAL SAJRONE WACAN BOCAH FABEL ING KALAWARTI JAYA BAYA LAN DJAKA
LODANG TAUN 2017**

Amilia Amarna Wahyudi

Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
Amiliawahyu@mhs.unesa.ac.id

Sukarman

Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Wacan bocah kang nyritakake ngenani kewan (fabel) isih digandringi dening para bocah. Nilai moral kinandhut sajrone wacan-wacan kasebut bisa ditrapake ana ing padinan. Tujuwan panliten iki yaiku kanggo njlentrehake nilai moral sesambungane manungsa klawan Gusti Pengeren, dhiri pribadhi, lan lingkungan sosial lumantar unsur pamangune karya sastra. Panliten iki nggunakake jinis lan wujude moral konsep Burhan Nurgiyantoro klawan metodhe teknik analisis dhata dheskriptif kualitatif. Pamilihe teknik analisis nduweni sesambungan klawan objek kang ditiliti yaiku arupa tetembungan lan ukara. Dhata panliten iki awujud pethilan cecaturane saben paraga, monolog, lan uga narasi saka pangripta. Asiling panliten nuduhake anane titikan-titikan sajrone karya sastra anak lan uga sirikan-sirikan kang ora kena sajrone wacan bocah.

Tembung wigati : nilai moral, sastra anak, kalawarti, wacan bocah, fabel.

Abstrak

Bacaan anak yang menceritakan tentang hewan (fabel) masih disenangi oleh anak-anak. Nilai moral yang tergandung didalam bacaan tersebut bisa direalisasikan dalam keseharian. Tujuan penelitian ini yaitu untuk menjabarkan nilai moral hubungan manusia dengan Tuhan, diri sendiri, dan lingkungan sosial lewat unsur pembangunnya karya sastra. Penelitian ini menggunakan jenis dan wujud moral konsep Burhan Nurgiyantoro dengan metode teknik analisis data deskriptif kualitatif. Pemilihan teknik analisis nduweni hubungan dengan objek yang diteliti yaitu berupa istilah lan kalimat. Datapenelitian ini berupa cuplikan pembicaraan setiap tokoh, monolog, dan juga narasi dari penulis. Hasil penelitian menunjukan adanya cirri khas di dalam karya sastra anak dan juga pantangan-pantangan yang tidak boleh ada di dalam bacaan anak.

Kata kunci : nilai moral, sastra anak, majalah, bacaan anak, fabel.

PURWAKA

Jaman modern, jaman globalisasi, jaman kang sarwa gampang mligine ana ing babagan teknologi lan komunikasi, saliyane nduweni dhampak becik kang migunani banget tumrape panguripan nanging uga nduweni dhampak ala, salah siji tuladhane yaiku krisis moral. Krisis moral banget dirasakake tumrape wong Jawa sing nduweni tata krama ing saben tumindake. Ing jaman diwasa iki akeh wong Jawa sing ilang Jawane saengga babagan kasebut kang banjur dadi lelandhesaning panliti kanggo njupuk nilai moral minangka punjering panlitene.

Ana ing jagade kasusastran jawa, crita fabel minangka pasinaonan kanggone bocah-bocah isih tetep ngrembaka ana ing kalawarti-kalawarti Basa Jawa. Adhedhasar mbagusi *kualitas* dalah *kuantitas* kang ana sajrone wacan bocah fabel ing kalawarti, lan krana isih arange panliten ngenani sastra anak mligine ana ing kasusastran Jawa, pramila panliti nggunakake kalawarti minangka objek panlitene.

Struktural minangka salah sijine tintingan kasusastran kang nengenake marang kajian sesambungan antarane unsur pamangun karya sastra (Nurgiyantoro,

2009: 36). Pamangune karya sastra ing antarane yaiku ana tema, alur, plot, paraga, pamaragan, lan amanat. Nanging analisis strukturalisme ora cukup mung ndhata unsur-unsur karya sastra wae nanging kang luwiwigatyaiku nuduhake sesambungane unsur-unsur pamangune karya sastra saengga bisa nuduhake sumbangana apa kang diwenehake ana ing babagan nilai estetik lan makna sekabehane kang pingin digayuh.

Cara kanggo nganalisis karya sastra (fiksi) nggunakake tintingan strukturalisme (Nurgiyantoro, 2009:37) bisa klawan cara ngidhentifikasi, *mengkaji*, lan ndiskripsikake fungsi lan sesambungan antarane unsur intrinsik fiksi kang gegayutan. Kanthi cara mangkono diajab apa kang pengin disampekake dening pangripta sajrone *wacan bocah fabel* kang kapacak ing *kalawarti Jaya Baya lan Djaka Lodhang* ing taun 2017 bisa dionceki sarta kawedhar klawan cetha, gamblang, lan premati saengga bisa migunani tumprape panliti lan uga bebrayan agung.

Nilai menehi kaprabawan tumrape ala lan apike tindak tanduke manungsa anggone nglampahi lelakon urip ing donya sebab nilai bisa kasebut sawijining prinsip

kanggo nimbang becik lan alane samubarang (Pramono Dkk, 2005:90). Punjere nilai ana ing pandelenge bebrayan marang sampurnane panguripan kang dikarepane, saben golongan utawa kelompok ora mesthi padha apa kekarepan kang pengin diwujudake mula ora kaget yen saben kelompok masyarakat nduweni nilai-nilai kang beda-beda nanging wis disetujoni dening bebrayan. Nilai uga bisa ditegesi yen nilai iku samubarang kang nduweni rega, guna, lan bisa nyadarake manungsa marang harkat lan martabate (Tillman, 2004:32).

Moral, amanat, utawa *massage* nduweni pangerten saka samubarang sajrone karya sastra sing pengin diwedharake dening panulis marang pamaca, samubarang iku nduweni *konotasi* kang positif, migunani tumrape panguripan lan nduweni unsur didaktis. Moral sajrone karya fiksi bisa dadi saran utawa kritik tumrape moral kang ana ing bebrayan sing dianggep pangripta kurang/ora trep, nanging moral sajrone crita fiksi ora minangka resep utawa pituduh kanggone tumindak.

Piwulangan nilai moral bisa sinebut ora nduweni wates, amarga piwulangan nilai moral bisa ngandhut apa wae perkarene urip sing ana ing panguripan kang ana gegayutane klawan harkat, martabate manungsa. Nuryiantoro (2009:323) merang perkara-perkara gedhe kang ana ing panguripane manungsa dadi kaperang dadi telu adhedhasar isine nilai moral, yaiku:

- (1) Sesambungan manungsa klawan Pangerane,
- (2) Sesambungan manungsa klawan dhiri pribadi,
- (3) Sesambungan manungsa klawan lingkungan sosial.
 - a. Sesambungan manungsa klawan lingkungan alam,
 - b. Sesambungan manunngsa klawan manungsa liyane.

Religi nduweni sesambungan klawan kapitayane dhiri pribadi pawongan marang Gustine. Miturut KBBI (kamus besar bahasa Indonesia) religi ateges kapitayan marang anane *adikodrati* ing atase menungsa, religius nduweni sipat religi, asipat keagamaan. Religi kerep uga digathukake klawan agama, amarga agama yaiku piwulangan utawa sistem kang ngatur tata keimanan utawa *peribadatan* marang Pangeran kang maha kuwasa sarta tata kaidah kang nduweni sesambungan sesrawungan manungsa klawan manungsa lan uga klawan bebrayan agung (Martono sajrone Samsudin, 2017:174).

Pamikiran populer nduweni panemu yen agama lan moralitas ora bisa dipisahake. Umume pawongan percaya moralitas bisa dipahami mung ana ing konteks agama. Pramila, sebab kaum religious minangka juru wicara agama, bisa diupamakake yenta wong-wong kasebut uga pesthi juru wicara kanggo moralitas uga (Rachels, 2004: 98-99). Raachels uga njlentrehake yenta Pangeran digambarake minangka pawongan kang aweh

ukuman kang wis netepake ukum kanggo ditaati dening kawulane, yen kita pengin urip kaya dene samesthine mula kudu manut marang ukum-ukume Gusti Pangeran. Klawan konsep kasebut para *teolog* ndadekake minangka dhasar teori kabeneran lan kaluputan, kang luwi kondhang dikenal minangka *teori perintah Allah*. Hakikate teori iki nuduhake yen bener miturut moral mula bakal diprentahake dening Gusti lan sawalike yenta luput miturut moral berarti dilarang dening Gusti Pangeran (Rachels, 2004: 100).

Ki Ageng Suryamentaram (sajrone Endraswara, 2008:18) nduweni pamanggih, yen manungsa iku kasusun saka jiwa lan raga. Raga yaiku perangane manungsa kang bisa dideleng klawan mripat, dene jiwa yaiku perangane manungsa kang ora bisa dideleng klawan mripat, senajan ora katon nanging jiwa iku ana. Anane jiwa dituduhake klawan anane rasa. Rasa kang dimaksud yaiku sekabehe obahing bathin awujud rasa pangrasa, pamanggih utawa pikiran lan kapinginan. Lumantar rasa iki kang menehi dhasar kanggone manungsa nindakake samubarang apa wae, kalebu pangripta anggone nulis karya kang ndeleng saka sekabehing kahanan kang ana sakupenge banjur dheweke ngesokake lumantar tetembungan-tetembungan.

Anak ora bakal bisa urip (*survive*) tanpa masyarakat, tanpa lingkungan sosial tartamtum. Anak dilahirake, diopeni, dididik, ngrembaka, lan nduweni tindak tanduk gathuk klawan martabat manungsa, sajrone lingkungan kultural sakelompok manungsa, mula saka iku wiwit cilik, manungsa wis sinebut indhividu sosial. Tanpa pitulungane wong diwasa, anak ora bakal bisa nerusake urip dhewe. Tanpa pitulunge pawongan liya lan bebrayan sosial anak ora bakal ngancik *taraf kemanusiaan* kang normal.

Miturut kluckhohn sajrone Koentjaraningrat (1985 : 29) akeh kabudayan kang nganggep yen alam iku minangka samubarang kang nduweni daya kang kuwat banget saengga akeh manungsa kang hakekate mung bisa pasrah lan ora akeh kang bisa diusahakake. Wong Jawa kalebu bebrayan kang uga nduweni sipat pasrah marang kahanan sesambungan klawan alam. Wong Jawa kalebu bebrayan kang mung bisa usaha kanggo golek *keselarasan*, ora usaha kanggo ngunggukuli utawa nganggep alam minangka samubarang kang kudu ditaklukake

Kapenginan pawongan kanggo nglakokake kontak langsung klawan pawongan liya, umume didhasari klawan anane imbalan sosial kang bakal di asilake indhividu nalikane sesambungan klawan pawongan liya. kedadeyan sosial kasebut bisa dianalisis klawan rong perkara yaiku perbandhingan sosial (*social comparison*) lan dukungan emosi (*emotional support*) miturut Dayakisni (2012:108). Adhedhasar perbandhingan sosial,

kita mbutuhake pawongan liya kango menehi evaluasi marang apa kang wis kita tindakake. Lumantar sesambungan klawan pawongan liya kita bisa oleh dukungan emosional awujud kawigaten lan tresna asih.

Jlentrehan kasebut gathuk klawan pamanggihe Koentjaraningrat (1994:440), sebab alasan kasebut ndadekake manungsa kudu njaga sesambungane klawan pawongan liya. Babagan kasebut ndadekake kabudayan marang bebrayan Jawa mbagi apa kang di nduweni klawan pawongan liya lan usaha kango bisa melu ngrasakake apa kang lagi ditandhang dening pawong liya (*tепа salira/ tenggang rasa*).

panliten iki diajab bisa migunani tumrape pawongan liya lan uga diajab bisa menehi kawruh marang pamaca lumantar andharan-andharan kang bakal dijlentrehake ana ing ngisor. Paedah kang tuwuhan saka asiling panliten iki yaiku supaya sastra Jawa modern tansah tetep urip, lan ngrembakake ilmu sastra ana ing bebrayan mligine ana ing pawiyatan luhur.

METODHE

Panliten iki nggunakake metodhe pamarekan dheskriptif kualitatif. Dheskriptif tegese ndhudhah dhata kang awujud tembung-tembung utawa gambaran, dudu wujud angka (Endraswara, 2008:3). Metode dheskriptif kualitatif digunakake ana ing panliten iki amarga gathuk klawan objek kang diteliti yaiku ngenani tetembungan lan ukara ing sawijining crita fiksi.

Metodhe kualitatif iki digunakake amarga luwih gampang yen ngadhepi kasunyatan gandha, disajekake kanthi langsung sesambungan antarane panliti klawan responden, luwih tanggap lan luwih bisa matonake dhiri klawan pangribawa lan nilai-nilai kang diadhepi (Moleong, 2002:5).

Sumber dhata ing sajrone panliten iki yaiku subjek asale dhata. Sumber dhata kaperang dadi rong jinis, yaiku sumber primer lan sekundher. Sumber primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliti, dene sumber sekunder yaiku sumber kang kanthi ora langsung menehi dhata marang panliten iki tuladhane wong liya utawa dhokumentasi (Arikunto, 2006:128).

Sumber dhata ing panliten iki arupa kumpulan dongeng wacan bocah sing ana ing kalawarti *Jaya Baya lan Djaka Lodang* ing taun 2017. Kalawarti Jaya Baya lan Djaka Lodang iku kalawarti sing nggunakake basa Jawa, sing isih eksis ana ing Jawa Timur, kang terbit ajeg saben minggon. Senajan terbit saben minggu nanging ora mesthi ana crita ngenani fabel ana ing rubik wacan bocah, mula saka iku panliti nggunakake rong kalawarti kanggo njangkepi objek panliten.

Dhata panliten minangka asiling panliten kang wis dilakokake dening panliti, wujude dhata panliten iku maneka werna gumantung jinise panliten yaiku kualitatif

utawa kuantitatif. Panliten kualitatif nduweni maneka dhata kayata dhata kang arupa tetembungan, gambar, lan dudu angka-angka. Tuladhane kayata dhata kang asale saka wawancara, catetan-lapangan, foto, video, dokumentasi pribadi, catetan utawa memo, lan dokumen resmi liyane.

Sajrone panliten iki dhata kang digunakake awujud tembung-tembung, ukara-ukara, lan paragarap-paragrap sing nduweni tokoh, alur, latar, konflik, lan amanat (crita fiksi). Dhata klawan njupuk pethilan-pethilan saka wacan-wacan bocah ing kalawarti *Jaya Baya lan Djaka Lodang* mligine kang trep klawan underaning panliten yaiku ngenani nilai moral sajrone crita lan gegayutanane klawan kahanan jaman saiki. Saka rong kalawarti kang ngetokake edisi saben minggune nuwuhake 104 wacan bocah sasuwene setaun. Saka 104 wacan bocah mung ana 21 wacan bocah ngenani crita kewan (fabel). Saka 21 crita ngenani fabel kasebut mung dijupuk crita kang gathuk klawan tema sing didadekake panliten, cacahe wacan kang digunakake kanggo dhata panliten ana 13 crita.

Instrumen kang digunakake dening panliti ana ing panliten iki yaiku human instrumen, sing endi panliti minangka instrumen kang utama kanggo nintingi lan ngandharake asiling panliten. Klawan kawruh kang di nduweni dening panliti kanggo nlti lan medhar panliten sajembar-jembare lan sajeru-jerune, ora ana watesan kanggo ngandharake isi kejaba tetep ana ing sajrone konsep kang ndasari panliten sing wis disusun wiwit kawitane panliten iki.

Sawise dhata sing dibutuhake wis cumepak banjur dhata di klumpukake klawan perangane dhewe-dhewe. Cara nglumpukake dhata ora sembarang, ana teknik tartamtu kang digunakake kanggo nglumpukake dhata, tujuwane supaya dhata kang arep dianalisis bisa kapantha-pantha sing nggampangake panliti kanggo nglolah dhata.

Sajrone panliten iki, tata cara nglumpukake dhata nggunakake teknik kapustakan. Teknik kapustakan minangka teknik nglumpukake dhata klawan sumber dhata kang arupa tulisan. Saliyane teknik pustaka panliten iki uga nganggo teknik maca, menehi tandha, lan nyatet dhata-dhata kang ana ing wacan bocah fabel sajrone kalawarti Jaya Baya lan Djaka Lodang taun 2017.

Teknik kang digunakake nduweni cara tartamtu anggone nglakokake, kagiyan-kagiyanan kang dilakokake, ing antarane yaiku:

- 1) Nglumpukake sekabehe edisi kalawarti Jaya Baya lan Djaka Lodhang ing taun 2017,
- 2) Milih lan milah kalawarti kang ana crita wacan bocah sing nyritakake ngenani kewan (fabel),
- 3) Maca bola-bali crita ing wacan bocah supaya mahami isi lan makna kang kinandhut sajrone crita,

- 4) Milih lan milah crita wacan bocah fabel sing nduweni nilai-nilai kang padha supaya nggampangake anggone nganalisis dhata.

Teknik analisis dhata yaiku cara kang digunakake kanggo nganalisis dhata. Panliten iki nggunakake teknik analisis dhata dheskriptif kualitatif, pamilie teknis analisis iki nduweni sesambungan klawan objek kang ditliti yaiku arupa tetembungan lan ukara-ukara, mula teknik iki dianggep paling gathuk klawan panliten kang dilakokake. Panlitin nganalisis dhata kang sugih klawan makna sajeru-jerune lan sakadoh-adohe klawan wujud asline utawa bisa sinebut alamiah sebab ora ditambahi utawa dikurangi (Moleong, 2002:6). Proses analisis adhedhasar dheskripstif analisis dintindakake kanthi metodhe kualitatif. Tata cara analisis dhata sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Nganalisis nilai moral sajrone wacan bocah fabel kang kapacak ing kalawarti Jaya Baya lan Djaka lodhang ing taun 2017,
- 2) Nggayutake gegambaran nilai moral sajrone wacan bocah fabel kang kapacak ing kalawarti Jaya Baya lan Djaka lodhang taun 2017 klawan kahanan ing jaman saiki,
- 3) Nulis dhata asile panliten saka nganalisis pirang-pirang wacan bocah fabel kang kapacak ing kalawarti Jaya Baya lan Djaka lodhang taun 2017,
- 4) Revisi asiling analisis dhata supaya mujudake dhata kang kongkrit,
- 5) Nyuhake asile panliten.

ASILE PANLITEN LAN ANDHARAN

Alur

Stanton (2007 : 26) lan Nurgiyantoro (2010 : 94) nduweni pamanggih kang padha ngenani alur, kekarone menehi teges yen alur iku minangka anyaman prastawa-prasatwa sajrone crita, saengga alur lan crita nduweni sesambungan kang raket. Dhasar wicarane crita yaiku alur/plot, dene dhasar wicarane alur/plot yaiku crita. Pambedane kekarone yaiku tuntutan plot/alur nduweni sipayat kang kompleks tinimbang crita. Crita, nuwuhake pitakonan “apa” lan “kepriye” sateruse prastawa, nanging alur/plot luwih nengenake ana ing sesambungan kausalitas, kelogisan sesambungan antarane prastawa-prastawa kang dijentrehake ana ing karya naratif. Babagan iki disetujoni dening Forster (sajrone Nurgiyantoro) minangka pambeda *fundamental* anatarane crita lan plot/alur.

Lumantar alur, pamaca bisa ngaweruh crita kang diwaca kalebu crita jaman saiki (modern) utawa crita jaman biyen (trandisional) lan bisa uga nggambarakake kedadeyan kang bakale teka ana ing tembe ngarep klawan sebab lan akibat kang dilakokake ing jaman saiki.

Alur maju luwih onjo lan luwih digandrungi digunakake ana ing wacan bocah amarga luwih gampang lan cepet kanggone para bocah ngerten iku maksud kang pengin dijelasake dening pangripta, nanging ora mungkuri yen ana saperangan crita sing nggunakake alur mundhur utawa campuran nanging alur kang digambarake ora ruwet kaya dene karya sastra kanggone wong diwasa.

Latar

Latar unsur pamangune crita kang ndadekake crita iku cetha sarta ndadekake crita iku luwih urip lan mangun rasa pangrasane pamaca supaya luwih bisa ngrasakake kaya dene apa kang pengin digambarake dening pangripta. Saya cetha anggone pangripta nggambarakake gegambaran latar kahanan mula saya jeru anggone pamaca kanggo mahami crita kang arep disuguhake, pramila latar bisa uga aweh kaprabawan marang karakter-karakter kang ana sajrone crita. Umume latar kaperang dadi telu, yaiku latar panggonan, latar wektu, lan latar swasana.

Latar panggonan nduweni rujukan ana ing papan panggonan kang dadi panggon lumakune kedadeyan sajrone crita. Saperangan papan kasebut wis nduweni nama kayata nama Surabaya, Jawa Timur, Indonesia, lsp. Saperangan papan uga durung utawa ora nduweni nama, papan panggonan kang ora jelas biyasane mung disebutake jinis lan sipayat umum panggon-panggon tartamtu kayata, kali, dalan, alas, kutha, kecamatan, lsp (Nurgiyantoro, 2010:227). Latar panggonan kang ana sajrone *wacan bocah fabel kang kapacak ing kalawarti Jaya Baya lan Jaka Lodhang ing taun 2017* maneka werna papan panggonane, nanging ana papan panggonan kang onjo ing rong kalawarti iki (Djaka Lodhang lan Jayabaya), papan panggonan kang kerep digunakake yaiku ana ing alas. Akeh pangripta nyritakake para sato kewan kang ana ing alas sebab papan panggonane para sato kewan luwih onjo ana ing alas.

Latar wektu, nduweni sesambungan klawan kapan prastawa-prastawa kang dicritakake sajrone karya fksi. Latar wektu sajrone naratif nduweni rong pangerten miturut Genette (sajrone Nurgiyantoro, 2010:231), kang kapisan ngrujuk ana ing wektu nalikan kedadeyan kasebut dicritakake utawa nalikane wektu panulisane crita. Kapindho, wektu kang di maksud ngrujuk ana ing urutan wektu kang kedaden lan critakake sajrone crita. Latar wektu kang ana ing *wacan bocah fabel kang kapacak ing kalawarti Jaya Baya lan Jaka Lodhang ing taun 2017* nduweni maneka werna, ana sing nduweni latar wektu ing musim ketiga, wayah panen pari, lan sing paling akeh latar wektu isuk, awan, lan sore.

Latar swasana minangka latar kang nyritakake kahanan sajrone crita saengga pamaca bisa melu ngrasakake swasana kang diwangun pangripta sajrone crita. Nurgiyantoro ngandharake yen latar uga bisa minangka atmosfer, sebab isine latar nyritakake deskripsi tartanmu kayata bungah, sedhiih, maut, misteri,lsp

(2010:243). Latar swasana kang ana sajrone *wacan bocah fabel kang kapacak ing kalawarti Jaya Baya lan Djaka Lodhang ing taun 2017* uga maneka werna saben critane, ana kang saka wiwitan nganti pungkasan nduweni latar swasana kang onjo mung siji, kayata cerkak “Di tulung menthung”, “Si Putih lan Si Manis”, lan “Tikus mungsuh Ula”. Telung cerkak kasebut nduweni *pola* alur crita kang meh padha. Ana ing babagan wiwitan, pangripta ngringkes *orientasine* banjur ana ing babagan *re-orientasi* di ilangake saengga langsung tumuju ana ing babagan *klimaks* saengga babagan iku kang ndadekake latar swasana tegang ana ing telung cerkak kasebut luwihi onjo.

Saliyane telung cerkak ing ndhuwur kang wis disebutake latar swasanane, nduweni pungkasan swasana kang padha, pungkasan kang mbungahake utawa biasa sinebut *happy ending*. Pungkasan kang kaya mangkono iku pungkasan kang paling digandrungi dening pamaca, mligine bocah, amarga bisa nuwuahake *kepuasan tersendiri* yen maca crita ing pungkasane nuwuahake babagan kang becik. Sawalike, yen ing pungkasane crita ora nuwuahake babagan kang ala utawa *sad ending* mula bisa ndadekake rasa pangrasane pamaca kurang utawa ora lega, nanging kabeh iku gumantung pangripta arep dikepiyekake crita kang dianggit, saben pangripta nduweni *style* lan ciri kang beda-beda.

Paraga lan Pamaragan

Paraga (tokoh) lan pamaragan (penokohan) nduweni rujukan marang pawongan minangka paraga sajrone crita, dene pamaragan nuduhake marang sipat lan sikape para paraga kaya dene sing ditafsirake dening pamaca, luwihi onjo marang pribadhi sawijining tokoh. Jones nduweni panemu sajrone Nurgiyantoro (2010:165) yen pamaragan yaiku gambaran kang cetha ngenani pawongan kang dituduhake sajrone crita. Saben crita mesthi ana sing nglakokake dalane crita kasebut yaiku para paraga, utamane sajrone karya fiksi paraga iku ora kena luput ana sajrone karya sastra. Dene pamaragan iku gandeng cenenge paraga, yen ana paraga wis mesthi bakal ana pamaragan sebab pamaragan iku ana sajrone dhirine paraga, sing ndadekake crita iku urip lan sing bisa menehi kharakter crita ya lumantar kekarone.

Nilai Moral Sesambungane Manungsa Klawan Gusti Pangeran

Umume pawongan percaya moralitas bisa dipahami mung ana ing konteks agama. Pramila, sebab kaum religius minangka juru wicara agama, bisa diupamakake yenta wong-wong kasebut uga pasthi juru wicara kanggo moralitas uga (Rachels, 2004: 98-99). Rachels uga njlentrehake yenta Pangeran digambarake minangka kang paweh ukuman kang wis netepake ukum kanggo ditaati dening kawulane, yen kita pengin urip kaya dene samesthine mula kudu manut marang ukum-ukume Gusti Pangeran. Klawan konsep kasebut para

teolog ndadekake minangka dhasar teori kabeneran lan kaluputan, kang luwihi kondhang dikenal minangka **teori perintah Allah**. Hakikate teori iki nuduhake yen bener miturut moral mula bakal diprentahake dening Gusti lan sawalike yenta luput miturut moral berarti dilarang dening Gusti Pangeran (Rachels, 2004: 100).

Tansah Ndedonga

Donga minangka salah sawijining wujud manungsa muji marang Gusti kang Akarya Jagad, uga minangka wujud sembahyang kang mligine dilakokake dening pawongan kang nduweni hajad supaya apa kang dikarepake bisa kawujud. Manyembah marang pangeran supaya kekarepane utawa usahane kanggo ngasilake samubarang bisa di ijabahi.

“Dhuh Gusti-Gusti, kula nyuwun pitulungan panjengan, ”pandongane si bekicot jalaran wis judheg urip mung dikuya-kuya kahanan. Ora let suwe dheweke nyawang ana cangkang sing gumlethak ana ing papan sing ora adoh saka dheweke. “wis takndhelik ana ing cangkang iki wae,” guneme karo mlaku marani cangkang mau. (WB, AMOB : 22)

Pethilan ing ndhuwur wis cetha sanget yen manungsa ora nduweni rekada yen durung oleh idi saka Gusti kang maha wicak. Tembung “dhuh” ana ing wiwitane ukara nuduhake yen dheweke wis ora kuwasé urip kelandhung-landhung kanggo golek omah, dheweke wis pasrah marang Gusti supaya enggal diparingi pitulungan. Usaha kang tanpa pedhot sing dilakokake dening Bekicot kanggo ngasilake apa kang dadi pepingine, pungkasane dikabulake dedongane. Gusti mboten sare mula sekabehe tumindak kalebu usaha-usaha kita kanggo nggayuh cita-cita, pengarep, lan pepinginan mesthi bakal dikabulake, nanging carane Pangeran ngabulake penjaluk kawulane iku ana telung cara, kaya dene sing wis dijelasake sajrone kitabe wong Islam.

Tansah Sokur

Sokur minangka wujud atur panuwune kita marang Pangeran ingkang sampun paring dhumateng kita samubarang sing sengaja kita suwun utawa diparingi tanpa kita suwun sadurunge. Wujud sipate Pangeran *arrahman* ateges welas asih marang kawulane tanpa ana bedane, cilik gedhe, lanang wadon, enom tuwa diparingi kabeh, tanpa dijaluk wis diparingi. Ora mung kanggo manungsa nanging marang sekabehe kawulane yaiku kewan, tetukulan, manungsa, nganti samubarang kang mati (gunung, bumi, lsp), lumantar cara kang maneka werna lan ora bisa dinuga dening akale manungsa sing sarwa winates.

“Bener, iku diparingi kapinteran dening Pangeran. Kanthi kepinteranku, aku bisa menang mungsuh sakehing kewan. Iku kabeh Pangeran marang aku. mula, aku kudu

akeh caos sokur. Nanging rumangsaku, bareng dakpikir-pikir, Pangeran iku tetep kurang adil. Aku diparingi pikiran lantrip, nanging awakku seprana-seprene tetep cilik menthik ora bisa gedhe. Bab iki mesthi wae ndrawasi. Sebab ora kabeh perkara bisa rampung mung kanthi kapinteran. Dakkira, kekuatan iku uga perlu. Kayata kakuatane macan,” mangkono pangenthanthanpingke pikirane Kancil. (WB, KPDG : 22)

Pethilan pungkasen kurang sokur kathithik ana ing cerkak “Kancil pengin dadi Gajah”, ana ing wiwitane crita Kancil nyadhari kaluwihan kang diwenehake Gusti marang dheweke, Kancil kang kondhang sakalas yen dheweke iku nduweni kapinteran kang linuwih kanggo ngrampungake perkara, nanging ana ing sabanjure crita dheweke rumangsa kurang lan rumangsa yen Pangeran iku isih kurang adil marang dheweke krana dheweke diwenehi pawakan cilik. Babagan kang disebutake ing ndhuwur dening pangripta nuduhake sipayat alamine manungsa sing ora bisa lega marang samubarang kang wis di duweni. Mesthi nduweni rasa kepengin samubarang kang luwih apik, luwih canggih, lan luwih anyar tinimbang barang sing wis di nduweni.

Nilai Moral Sesambungane Manungsa Klawan Dhiri Pribadhi

Sesambungane manungsa klawan dhiri pribadhine iku ana gegayutané klawan *psikologi* manungsa, sing kerep uga ndadekake prakara kang angel kanggo diudhari. Prakara dhiri pribadhi iki kerep ndadekake konflik batin antarane pikiran lan ati, sing siji nggunakake *logika* kanggo ngadhepi sawijining prakara, dalah sing sijine nggunkaké rasa pangrasa, saengga antarane siji lan sijine kerep ora bisa nyawiji sebab kekarone nduweni pambiji kang beda.

Sabar

Sabar minangka salah siji kaputusan kang dipilih dening pawongan kanggo ngadhepi prakara kang ngadhang ing panguripan. Ora kabeh pawongan bisa ngalah utawa sengaja ngalahake kekarepane saengga dheweke bisa lila, legawa, lan pasrah dening apa kang wis tinakdirake marang dheweke. Kaputusan kang dijupuk dening pawongan kanggo sabar sadurunge wis nglewati konflik batin kang ora gampang, nganti bisa ngasilake kaputusan sabar kanggo ngadhepi prakara kang lagi ditandhang, mesthi ana kekarepan sing kudu di kalahake supaya dheweke bisa menangake sabar sajrone awake dhewe.

Kantri ati sing kelara-lara bekicot lunga. Ora let suwe bekicot nemu leng ana jero wit-witan sing gedhe. “nah iki kena tak nggo turu, aku wis nemu omah dhewe,” guneme bekicot ing jero ati. (WB, AMOB : 22)

Bekicot sing di tundhung dening kancane dheweke krana dheweke nunut manggon ana ing susuhe milih sabar lan ngalah saka papan panggonan kasebut kanthi ati kelara-lara ora oleh pitulungan saka kancane. Sipat kang dipilih dening bekicot kanggo ngadhepi kahanan kasebut kanthi cara sabar lan tansah ngupaya supaya uripe luwih mulya tinimbang saiki. Bekicot nyadhari yen nyikapi klawan omongan utawa okol ora bakal dipercaya lan ora bakal menehi kaprabawan kang gedhe tinimbang lumantar bukti kang nyata. Alasan Bekicot kalebu sipayat sabar sebab sepisan dheweke ora mbales tumindake kancane sing kalebu kasar marang dhewe, kaping pindhone krana dheweke ora putus asa lan tansah ngupaya kanggo nggayuh pepinginané.

Tanggel Jawab

Tanggel jawab minangka sipayat wajib kang kudu di nduweni dening saben pawongan mliline pamimpin, nanging ora sekabeane pawongan nduweni sipayat tanggel jawab. Mula saka iku, ora kabeh pawongan bisa dadi pamimpin. Pemimpine tikus, Wirog ing wacan bocah “Tikus mungsuh Ula” uga menehi patuladhan kang becik marang para anggotane. Dheweke ngayomi marang para wargane, saengga nalikane ana salah sijine tikus sing mati dipangan ula, dheweke nglumpukake para wargane kanggo rembugan saperlu golek dalam supaya ula ora terus-terusan mangan tikus.

Nanging warga tikus sing kelangan kancane dipangan ula ora trima. Pimpinan tikus sing jenenge Wirog banjur padha nganakake kumpulan padha ngrembug supaya wargane ora padha ilang dipangan ula.

“kanca-kancaku kabeh ayo awake dhewe padha ngrembug bareng, piye carane supaya ora dipangan ula!” kandhane Wirog marang kanca-kancane. (WB, TMU : 22)

Pamimpine tikus rumangsa nduweni tanggel jawab kanggo ngayomi lan golek cara supaya uripe tikus tansah ayem tentrem, nalikane ana pepalang kang ngagugu kauripane tikus mula dheweke ngajak rembugan para wadya balane. Kaputusan tetep ana ing tangane dheweke nanging pamanggih saka liyane iku uga migunani banget tumrapé dheweke kanggo njupuk kaputusan.

Bisa Mekak Pepinginan / Hawa Nepsu

Manungsa urip ing donya saliyane diwenehi akal pikiran, uga diwenehi hawa nepsu. Hawa nepsune menungsa yenta di turuti sekabehe kekarepane mula orabakal ana pungkasane malah bisa ndadekake samubarang ala. Tuladha mekak hawa nepsu kang pisanan kayata ana ing cerkak “Si Putih lan Si Manis” kang di paragakake dening Putri Sekar, yenta dheweke nuruti hawa nepsune mula dheweke bakal ngurbanake warga dhesa Kutharaja kabeh, krana dheweke ora

nduweni cara kango mungkasi manuk Rajawali kang lagi ngamuk banjur ditawani pitulungan marang tukus.

Si Manis?? Batine Putri Sekar, njur nyawang kucing kesayangane sing turu nglepus ing pangkone. Kucing sing ngalor ngidul tansah digawa kuwi sedhela dielus, nuli dipondhong.

“Kucing iki siji-sijine kewan sing takdarbeni. Wis suwe dheweke dadi kanca setyaku,” kandhane sang putri. “Aku ora bisa uwat saka dheweke”. (CTP, SPLSM : 34)

Putri Sekar sejatiné abot banget kanggo ngeculake Kucing manise sing wis dianggеп kaya dene kanca rakete dhewe, rasa tresnane Putri Sekar marang Si Manis iku luwih gedhe tinimbang marang kanca-kancane liyane. Nanging sebab prakara kang lagi ditandhang iki ora mung antarane dheweke lan Si Manis wae nanging uga warga Kutharaja bisa kena dhampake yen Putri Sekar salah pilih kaputusan kanggo mungkasi prakara mula Putri Sekar kudu gelem ngeculake.

Putri Sekar kasil kanggomekak pepinginane kanggo mertahanake Si Manis lan ngurbanake warga Kutharaja, dheweke luwih milih ngurbanake awake dhewe tinimbang dheweke kudu ngurbanake nyawane Warga Kutharaja kabeh dadi panganane kewan kang lagi ngamuk kasebut. Sipate Putri Sekar sing bisa mekak hawa nepsune bisa dadi patuladhan kanggone para bocah supaya bisa nimbang lan milih antarane pepinginan lan tanggung jawab, endi kang kudu di dhisikake lan endi kang kudu diutamakake. Bali maneh ana ing konsep dhasar sesambungan manungsa klawan dhiri pribadhine, yen kudu bisa ngutamakake kapentingan umum lan bisa mekak marang kapentingan pribadhi.

Ngugemi Janji

Janji kaya dene utang, utang kudu disaur, cepet utawa suwe, saiki utawa sesuk, ing donya utawa ing akhirat bakal ditagih dening pawongan kang dijanjeni. Nanging ora kabeh pawongan rumangsa yen dheweke duwe janji, senajanta tuwuhe iku krana guyon utawa ora sengaja diucapake, tetep kudu disauri. . Ing wacan bocah kang kapacak sajrone kalawarti uga menehi pasinaonan ngenani ngugemi janji marang sapadha-padha.

“Aku uga njaluk pamit dhisik lan kapan-kapan aku mrene maneh, Iwak Mas,” kandhane Pelikan maneh karo mabung neng akasa.

Kurang luwih setengah taun lawase, Pelikan lagi teka niliki iwak Mas neng kali. (LD, PLIM :22)

Pasinaonan ngenani janji kang kapisanan dituduhake ana ing wacan bocah kanthi irah-irahan “Pelikan lan Iwak Mas”, sing endi sawise Iwak Mas dipindah ana ing kali kang dirasa aman lan dirasa dheweke wis bisa urip nalikane di tinggal, banjur manuk Pelikan aweh janji marang Iwak Mas. Pelikan janji

sawijining dina dheweke bakal niliki maneh Iwak Mas ana ing kali kunu saperlu ningali kahanane Iwak Mas sing sawise ditulungi iku. Pranyata Pelikan ngugemi janjine marang Iwak Mas. Suwene nem sasi Pelikan bali maneh kanggo niliki Iwak Mas ing kali kasebut banjur sawise iku kekarone urip bebarengan ing kunu.

Percaya Dhiri

Percaya dhiri minangka salah sijine sipat sing tuwuhe saka dhiri pribadhi, kang nduweni pangerten rumangsa bisa, mampu, lan percaya nglakokake samubarang klawan apa kang wis di nduweni. Sipat percaya marang awake dhewe iki bisa tuwuh krana anane *motivasi* saka pawongan liya kanggo nguwatake pawongan nglakoni samubarang sing dianggеп angel.

“Aku bisa nyirnakake rajawali kuwi. Aku bisa ngalahake dheweke lan kabeh bakal bali aman maneh!”

“tenan kandhamu kuwi?”

“ya, nanging ana sarate...” (CTP, SPLSM : 34)

Sipat percaya dhiri kang di nduweni dening Si Putih katon saka pethilan ing ndhuwur. Dheweke blaka ngomong marang Putri Sekar yen dheweke bisa menehi pitulungan marang warga Kutharaja kanggo merangi manuk rajawali sing lagi ngamuk kasebut. Pethilan ukara kapisanan di kuwatake klawan pitakonane Putri Sekar sing nuduhake rasa ora gampang percayane, mligine klawan pawongan sing lagi wae di kenal. Nanging dening Si Putih dijawab kanthi teges “ya”, jawaban cekak aos nanging mantep, yen dheweke panceñ bener-bener bisa menehi pitulungan kanggo merangi manuk rajawali kasebut. Klawan cara ngomonge Si Putih sing percaya dhiri ndadekake rasa percayane Putri Sekar uga marang Si Putih, masrahake kepitayane dheweke lan kabeh warga Kutharaja marang kewan sing dianggеп ora lumrah kasebut., sebab dheweke bisa tata jalma kaya dene manungsa.

Nilai Moral Sesambungan Manungsa Klawan Lingkungan Sosial

Nilai moral kang pungkasan miturut Burhan Nurgiyantoro yaiku sesambungan manungsa klawan lingkungan sosial kalebu nilai moral sesambungan marang lingkungan alam lan sesambungan manungsa klawan manungsa liyane. Sesambungan manungsa klawan alam bisa ditegesi sesambungan manungsa marang bebrayan kang ana sakupenge, dipercaya nduweni daya kang kuwat sing uwat saka kersa lan kekarepane manungsa. Sesambungan manungsa klawan manungsa liyane bisa ditegesi sesambungan kang ana antarane sasama manungsa utawa bisa sasama kawula sing nduweni nyawa dalah sing mati, bisa antarane pawongan klawan pawongan, pawongan klawan

kelompok, lan uga bisa sesambungane kelompok klawan kelompok.

Nilai Moral Sesambungane Manungsa Klawan Lingkungan alam

Lumantar masyarakat pawongan bakal nduweni sesambungan klawan alam, ngingeti tandha-tandha alam kanggo nemtokake kauripan lan sekabehane rencana ing tembe mburi. Saka lingkungan sosial dheweke belajar yen alam bisa ngancem, nanging uga menehi berkat lan katenangan, yen sekabehe *eksistensine* gumantung saka alam (Suseno, 2003:85).

Piweling

Wis dadi sipat alamine manungsa kang tinakdir dening Gusti Pengeran, yen ora ana pawongan kang ora nduweni salah. Pramila klawan sipate manungsa kang kaya mangkono prelu anane piweling. Piweling sejatiné asale saka Gusti kang akarya Jagad nanging cara ngelingake bisa lumantar apa wae, salah sijine yaiku lumantar lingkungan alam.

“adhuuuuh!” pambengoke Momon kelaran amarga keplets set kulit gedhang. Dheweke tiba kejungkel, endhase ketatap watu nganti abuh saendhog pitik. (WB,KM:22)

Tuladha piweling lumantar alam kacritakake sajrone wacan bocah “Kiki+Momon”. Nalikane Momon tiba kejungkel keplets set kulite gedhang sing wis dibuwangi dhewe sadalan-dalan, kedadeyan kasebut minangka piweling tumrape Momon sing ora mbuwang sampah ana ing kranjang uwuh saengga ndadekake cilakane awake dheweke. Ing paragrap sadurunge, piweling wis diwenehake dening Kiki sebab pakaryan kang dilakokake Momon ndadekake Kiki uga nandhang pilara. Piweling saka Kiki ora digatekake dening Momon malah dening Momon omongane Kiki entahi kabeh nganthingi ndadekake Kiki mangkel. Nalikane piweling lumantar pawongan liya ora bisa ngelingake tumindak kang ora pener mula lingkungan alam langsung kang bakal aweh piweling. Kaya dene kedadeyane Momon nalikane wis ngrasakake dhewe pilara sebab kaluputane sing wis gawe lingkungan alam reged, lagi dheweke bisa sadhar lumantar kaluputane sing wis dilakokake.

Paweh

Nilai moral sesambungane manungsa klawan lingkungan alam kang sabanjure yaiku ngenani paweh lingkungan alam marang kita. Alam saliyane nduweni daya kang gedhe saengga bisa aweh piweling marang manungsa kaya dene sing wis diandharake ing ndhuwur uga minangka sumber kauripan tumrape sekabehe kawula. Papan panggonan kang aweh pengayoman, pangunan lan ombenan kang aweh kekuatan saengga bisa makarya, nglakokake samubarang apa wae nganthingi

bisa tetep nerusake urip iku uga lumantar paweh lingkungan alam.

“waaa! Iki ana pari isih enom sing isih enak, bisa kanggo pangananku, lagi ngelih je!”kandhane Tikus kanthi seneng. (WB, TMU:22)

“... Neng panggonan sing takweruhi, ana cuwilan roti legi pirang-pirang. Kae nang ngisor meja mangan.” (CTP, SLC : 34)

... tekan Tanah Jawa, si kedhasih ya seneng. Ning suwe-suwe saya angel golek pangan. (WB, TTT:23)

Pethilan-pethilan ing ndhuwur nuduhake paweh lingkungan alam marang kawulane kang arupa panganan. Sajrone wacan “Tikus Mungsuh Ula” babagan paweh kasebut dijlentrehake klawan anane tikus kang lagi ngelih banjur dheweke golek pari kang enom kanggo dipangan, senajan ing crita sabanjure tikus kasebut uga dipangan dening Ula nanging tumrape Ula, tikus iku uga minangka paweh alam tumrape dheweke supaya bisa tetep nglakokake urip. Kabeh sesambungan antara siji lan sijine saengga yen salah sijine cacahe luwih akeh utawa luwih sithik mula bisa menehi kaprabawan marang kauripan liyane, kaprabawan kasebut bisa dadi becik utawa uga bisa uga ala.

Nilai Moral Sesambungane Manungsa Klawan Manungsa Liyane

Anak pengin diwei kasih sayang, pengin diakoni lan diregani, lan uga nduweni penginginan kanggo diitung, lan oleh panggonan sajrone kelompok. Anak bisa di pangaribawani dening wong liya lan bisa uga di didik (determinasi sosial), mula saka iku saben tindak tanduke anak minangka laku sosial, sebab nduweni mitra utawa sesambungane dening wong liya, dijlentrehake dening Kartono (2007:43). Tandha-tandha kang diwenehake saka lingkungan sosial prelu kango diweruhi maknane, saengga manungsa bisa ngalap pasinaonan saka tandha-tandha kango nerusake panguripane lan ndadekake panguripane tansah saya ayem tentrem.

Seneng Tulung Tinulung

Saben pawongan kang urip ing donya iki wis tinakdir minangka kawula sosial, ateges ora bisa urip tanpa pawongan liya. kabeh pawongan butuh pitulungane pawongan liya kanggo mertahanake uripe. Meh kabeh wacan bocah pangriptane menehi tuladha ngenani tulung tinulung marang sasama. Babagan kasebut nuduhake wigatine tulung tinulung sajrone urip bebrayan, pramila pangripta nduweni pangajab supaya para bocah seneng tulung tinulung, minangka generasi sabanjure. Kaya dene pethilan wacan “Si Putih lan Si Manis” sing endi pitulungan dituduhake dening paraga Si Putih kanggo

mbantu warga Kutharaga uwal saka bebaya kang lagi ngancem kabeh pawongan.

“Ora usah wedi, Putri Sekar... aku nedya tetulung,” kandhane tikus kuwi lirih. (CTP, SPLSM : 34)

Putri Sekar kaget uga wedi krana meruhi Tikus werna putih sing gedhene sakucing bisa tata jalma kaya dene manungsa. Putri Sekar wedi yen kewan sing mara marang dheweke iku uga arep ngancem keslametane warga Kutharaja kaya dene kewan sing ana ing ngarepe guwa, sing ora liya ya manuk rajawali kang lagi ngamuk golek mangsa. Nanging kasunyatane kewan iki malah nedya menehi pitulungan kanggo merangi manuk rajawali kasebut. Putri Sekar lan warga Kutharaja liyane sing rumangsa ora mampu kanggo merangi manuk rajawali kasebut banjur njaluk pitulungan marang Si Putih. Senajan manungsa sejatine pangkate luwih dhuwur tinimbang kewan nanging ora ana salahe manawa njaluk pitulungan marang sing luwih mampu tanpa ndeleng pangkat.

Sugih Pangapura

Saben pawongan mesthi tau gawe kaluputan ana ing alam donya, wis tinakdir dening Gusti Pangeran yen manungsa papan panggonane salah, pramila ora ana pawongan siji wae sing ora tau gawe kaluputan, cilik utawa gedhe. Ora kabeh pawongan nduweni sipat gampang aweh pangapura apa maneh sugih pangapuruan.

Sesuke, Momon nemoni Kiki ing omahe saperlu njaluk ngapura. Kiki ora kabotan menehi ngapura. Kekarone salaman lan janji bakal nglanggengake anggone kekancan lan paseduluran. (WB, KM : 23)

Tuladha becik sugih pangapuruan kapisan diparagakake dening Kiki ana ing wacan bocah “Kiki + Momon” sing ora kabotan aweh ngapura marang kaluputane Momon. Kiki minangka paraga kang dijlentrehake dening pangripta nduweni watak kang becik tindak tuture lan solah bawane, saengga bisa ngelingake Momon sing dicritakake nduweni sipat males, kemproh, sarta ora tanggap marang kahanan kang ana sakupenge. Kiki kasil ngowahi sipate Momon dadi pribadhi kang luwih becik tinimbang sadurunge, klawan tumindake Kiki nalikane nanggepi prakara.

Gotong Royong

Pangripta menehi tuladha gotong royong sajrone crita nduweni tujuwan supaya bocah bisa nduweni jiwa sosial kang gedhe marang kahanan sakupenge. Gotong royong bisa ditrapake padinan ana ing lingkungan sekolah lan uga bisa ditrapake ana ing lingkungan omah. Gotong royong dituduhake ana ing wacan bocah “Semut lan Coro” kanthi gamblang, lumantar tata carane kelompok semut kang gotong royong kanggo njunjung bathang coro digawa melbu menyang lenge.

Bathang coro mlumah kuwi katon gedhe banget kanggone semut. Sungute loro sing madhep kidul, dicekel dening semut loro. Angkahe arep digathukne nuli digeret bebarengan. Dene semut papat ana buri arep ngrewangi nyurung. Semol kang ngabani munggah ana dhuwure awake coro, ing antarane sikil coro sing cacahe nem. (CTP, SLC : 34)

Pethilan ing ndhuwur jelas banget yen nuduhake pambagean pakaryane sakelompok semut sing lagi usaha nggotong bathange coro. Angka “loro, papat” sajrone ukara pethilan ing ndhuwur nuduhake cacahe semut kang ana ing kelompok kasebut, ateges penggaweyan kasebut ora diayahi dening sasemut wae. Sajrone gotong royong, sing uga ora kalah wigatine yaiku manute anggota marang printahe pamimpin.

Nduweni Unggah-Ungguh

Wong Jawa kebak tata, unen-unen kasebut gathuk klawan panguripane bebrayan Jawa sing saben polah-sapolah, omong-sakomong ana tata aturane, ora kena ngawur lan ora kena diwolak-walik. Tuladha tata krama kang ana sajrone padinane wong Jawa babagan tindak turur, sing enom cecaturan marang pawongan sing luwih tuwa kudu nggunakake basa krama inggil, ateges basa sing paling dhuwur ana ing tataran basa. Babagan kasebut nuduhake yen pawongan sing enom kudu ngagungake marang sing tuwa, dene sing tuwa anggone cecaturan karo sing luwih enom nggunakake basa ngoko utawa krama madya.

“Inggih, Rama, ndherakaken sugeng tindak. Mugi tansah rahayu-wilujeng, Rama” wangslane Sekar Biru lirih. (CTP, SPLSM :34)

Pethilan ing ndhuwur minangka tuladha jlentrehan purwaka kang ana sajrone wacan bocah. Putri Sekar anggone mangsuli dhawuhe ramane nggunakake basa krama Inggil. Wangslane Putri Sekar nduweni teges yen dheweke ndongakake kaslametan marang ramane sing pamitan arep plesir sarta nampa amanat kang di dhawuhake ramane marang dheweke. Senajan mung sakukara nanging wis cukup kanggone pangripta menehi bhukti yen wiwit jaman biyen ngantri jaman saiki adat pacelathon isih tetep. Wong sing luwih enom kudu basa marang pawongan sing luwih tuwa, babagan iki salah siji pasinaonan kang kudu diwigatekake dening bocah jaman saiki. Akeh wong Jawa sing ilang jawane, unen-unen kasebut minangka kritik alus kanggone bebrayan modern supaya gelem nglestarikake kabudhayan.

Kekancan lan Kaluargan

Kaluarga ora mung pawongan sing nduweni getih kang padha utawa saturunan, nanging kang kasebut kaluarga utawa bisa sinebut dulur. Sapa wae sing kita anggep nduweni sesambungan kang raket, tulung tinulung, lan wis dianggep luwih saka kanca sinebut dulur. Pramila paseduluran iku luwih jembar lan luwih

jeru pangertene tinimbang kaluarga. Ana dulur sebab sadhesa, sakutha, sanegara, lan bisa uga krana nduwensi nasib kang padha , lsp.

“Aku ngerti kepriye carane nglereni tumindake landhak. Ing kene aku ora bakal mblakake cara sing bakal daktindakake. Sadurunge kuwi aku mung pengin takon marang dulur-dulur. Apa ana sing gelem ngrewangi aku?” (CTP, JL : 34)

Tembung “dulur-dulur” ing pethilan wacan crita ing ndhuwur, dibolan-baleni ana ing telung ukara. Saka sesebutan kang digunakake kanggo nimbali pawongan, bisa di analisis yen sesambungan antarane siji lan liyane iku raket utawa longgar. Telung ukara kasebut diucapake dening Kancil lan Macan, Babagan kasebut nuduhake yen kabeh kewan sing lagi ngumpul ing kunu utawa bisa uga ditegesi kabeh kewan kang manggon ing alas Wanacarita iku wis dianggep sedulur kabeh. Kancil ngundhang kancane nggunakake tembung dulur supaya ndadekake swasana kang ana ing kunu krasa luwih kakaluargan, ora tegang senajan lagi ngadepi prakara sing gedhe, pramila Macan minangka tetunggule alas uga melu nyeru kanca-kancane klawan sesebutan kang kaya mangkono. Saliyane tetembungan kasebut sing bisa dadi bhukti anane paseduluran ing alas wanacarita, bisa uga di deleng saka tumindhake para kewan sing kabeh srawung dadi siji ana ing omahe Macan saperlu golek cara supaya bisa antuk solusi kanggo nyadharake Landhak. Klawan dipimpin Macan patemon dina iku wigati banget krana tumindake Landhak sing wis ora bisa di toleransi.

Kasetyan

Tansah ngugemi janji, njaga amanat, utawa njaga pendhirian kang wis diwenehake marang dheweke, miturut KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia) iku kang sinebut kasetyan. Ora gampang kanggo mujudake kasetyan, kita kudu siyap mental, tenaga, lan ati. Akeh pacoban kang teka nalika ana ing tengah dalam, kang nggudha kanggo ningali sapira gedhene niyat sing di nduwensi kanggo mujudake kasetyan. Pacoban maneka werna wujude lan tekane, ana sing saka kanca, awake dhewe, utawa bisa uga langsung tumurune saka Gusti kang maha kuwasa.

Ndilalah dheweke kok ngrasakake adhem lan trentrem ana ing jero cangkang mau bisa turu angler lan ora ana sing ngganggu. “Bokmenawa iki pitulungane Gusti Allah, aku kudu ngrumat omahku iki,” guneme kanthi rasa bungah. Saking bungahe omah awujud cangkang kuwi mau digawa ngalor ngidul neng ngendi wae parane nganti saiki. (WB, AMOB : 22)

Crita kasetyan sing di gambarake ana ing wacan bocah “Asal Mulane Omahe Bekicot” beda klawan crita-crita kasetyan sadurunge, kasetyan kang dituduhake

bekicot katujokake marang omahe. Wacan bocah iki nyritakake kepriye susahe Bekicot kanggo golek omah sing bisa aweh pangayoman marang dheweke. Pirang-pirang panggonan lan pirang-pirang kedadeyan kang ora ngepenaki wis dirasakake Bekicot nalikane ngumbara golek papan panggonan sing cocok tumrape dheweke. Senajan papan-papan panggonan sing ditekani wis ana sing nduwensi, nanging dheweke ora putus asa ngantri sang kuwasa menehi omah sing cocok kanggone dheweke.

Wujud sokure Bekicot sawise diwenehi omah sing pas klawan kaptinginane dheweke nduwensi tekat kanggo nggawa neng endi wae parane dheweke. Dheweke tansah setya ngugemi janjine ngantri seprene, pramila saka taate Bekicot marang janji sing digawe dhewe, Bekicot wis pantes sinebut nduwensi kasetyan kang dhuwur kabukti ngantri seprene dheweke tansah ngugemi janjine. Saka critane Bekicot bisa di dhudhut yen kasetyan iku ora mesthi marang pawongan wae, nanging uga bisa marang samubrang kang nduwensi crita sing miturut kita nduwensi nilai sejarah kang dhuwur. Nilai sejarah kasebut kang nglandhesi samubarang iku dadi ngandhut rega kang dhuwur senajan tumrape pawongan liya ora ana regane.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar tintingan panliten kang diandharake ing bab andharan asile panliten ngenani *nilai moral sajrone wacan bocah fabel ing kalawarti Jaya Baya lan Djaka Lodang taun 2017* klawan tintingan struktural bisa didudut. Sekabehe kedadeyan kang kedaden ana ing sakupenge kita nduwensi makna sing bisa dialap hikmahe senajanta kedadeyan kang remeh nanging yen dideleg klawan sudut pandhang kang beda bakal menehi kawruh kang migunani sanget kanggone kita. Kedadeyan kang kita anggep remeh kasebut kerep dianggo pangripta punjere karya sastra saengga bebrayan uga bisa mangerteni makna saka kedadeyan remeh sing kerep ora kita gatekake kedadeyane.

Saka panliten iki ditemokake titikan-titikane karya sastra anak ing antarane yaiku, tema kang digunakake ana ing wacan bocah digathukake klawan donyane para bocah saengga para bocah gampang kanggone nggamarake lan mahami isi crita. Alur kang digunakake sajrone sastra anak luwih akeh nggunakake alur maju, amarga alur maju luwih gampang dipahami dening anak tinimbang alur mundur utawa campuran, nanging uga ana saperangan crita kang nggunakake alur mundur utawa campur. Sasaran crita katujokake marang para bocah sing wis ngancik usia rumaja, sing dianggep mampu kanggo mahani alur kasebut.

Basa kang prasaja minangka salah siji titikan kang ana ing sastra anak pramila mujudake tantangan

kanggone pangripta, njlentrehake babagan kang ruwet dadi prasaja. Tantangan pangripta uga tuwuhan saka sirikan-sirikan kang ora kena ana ing sastra anak, kayata unsur *kekerasan, kekejaman, seks, lan cinta erotis*. Anane sirikan-sirikan kasebut ndadekake pangripta kudu bisa mikir kaya dene para bocah sing sarwa pengin weruh nanging uga isih sarwa winates kawruhe.

Wujud sesambungan manungsa klawan lingkungan sosial minangka babagan-babagan kang kerep kita temoni ana ing sesrawungan. Pitutur ngenani babagan sosial marang para bocah wigati kanggo sangune urip wiwit dheweke isih cilik, saengga nalikane dheweke wis gedhe apa kang wis disinaoni nalikane isih cilik bisa nancep jeru kanggo menehi dhasar tumindake nglakoni urip. Samubarang kang becik bakal nuwuhake samubarang kang becik, semono uga klawan samubarang kang ala.

Sekabehane pitutur sajrone wacan bocah fabel ing kalawarti taun 2017 nduweni tujuwan kang becik tumrape para pamaca. Nilai moral kahandhar bisa lumantar cara langsung narasi saka pangripta lan uga bisa lumantar cara ora langsung kayata dialog antarane para paraga ngantri kang kasirat sajrone kahanan utawa kedadeyan. Nilai-nilai moral kang kinandhut menehi kawruh kang prelu diweruhi dening para bocah, minangka kawula kang paling sampurna panciptaan, kang bakal nerusake kauripan manungsa urip ing jaman modern klawan pengaruh *globalisasi* kang kuwat. Nilai moral wigati banget kanggo tetep njaga moral manungsa klawan pengaruhe jaman kang saya suwe saya ora karuan. Babagan ala bisa dadi apik lan babagan apik bisa diwalik dadi ala, amarga tugas sarta tanggung jawabe wong tuwa tan saya abot ing jaman modern kaya dene saiki.

Pamrayoga

Panliten iki bisa nambahi *literature* panliten minangka wujud karya sastra, ing tembe mburi diajab panliten iki bisa dadi referensi tumrape panliten-panliten sabanjure kang ngrembug ngenani sastra anak utawa ngenani tintingan struktural, saengga bisa melu nyengkuyung pangrembagane kritik kasusastran Jawa. *Nilai moral sajrone wacan bocah fabel ing kalawarti Jaya Baya lan Djaka Lodhang taun 2017* ngandhut piwulangan-piwulan becik kanggone pamaca sing bisa ditrapake ana ing kauripan kang nyata lan dadi sangu kanggo kauripan sabanjure. Klawan maca panliten wacan bocah iki diajab pamaca bisa ngerten cara-cara kanggo mungkasi prakara moral kang ngadhang ing kauripan lan bisa nuwuhake kesadharane manungsa ana ing babagan moral.

Panliti ngrumangsani yen panliten iki isih adoh saka tembung sampurna pramila panliti nduweni

pangajab supaya panliten sabanjure bisa njangkepi lan menehi kawruh enggal mligine ana ing babagan struktural, supaya kasusastran Jawa tansah tetep ngrembaka ana ing jagade kasusastran modern.

KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur penelitian suatu pendekatan praktik*. Jakarta: Rineka cipta

Damono, Sapardi Djoko, dkk. 2009. *Sastra Indonesia tahun 1970-an: kajian tematis*. Jakarta: Pusat bahasa

Dayakisni, Tri Lan Hudaniah. 2012. *Psikologi sosial*. Malang : UMM press

Dwijayanti, Sartika Julia. 2017. *Aspek moral sajrone kumpulan cerkak tandure wis sumilir anggitane J.F.X. Hoery*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa

Eagleton, Terry. 2010. *Teori sastra : sebuah pengantar komprehensif*. Yogyakarta : Jalasutra

Eliah, Puput Sugih. 2016. *Nilai moral sajrone crita rakyat "gugur luhur" anggitane Hastaraharjo (tintingan kapustakan)*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: UGM Press

_____. 2008. *Petode penelitian psikologi sastra*. Yogyakarta : Medpress

Faruk. 2012. *Pengantar Sosiologi Sastra : dari strukturalisme genetik sampai post-Modernisme*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar

<https://bhenco.wordpress.com/2013/01/22/arti-dan-maksud-sedulur-papat-lima-pancer/>

Kartono, Kartini. 2007. *Psikologi anak*. Bandung: CV. Mandar maju

Kurniawan, Heru. 2016. *Teori, metode, dan aplikasi sosiologi sastra*. Yogyakarta: Graha ilmu

Koentjaraningrat.1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka

_____.1985. *kebudayaan, mentalitas dan pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia

Minderop, Albertine. 2013. *Metode Karakterisasi Telaah Fiksi*. Jakarta : yayasan pustaka obor Indonesia

Moleong, J Lexy. 2002. *Metode penelitian kualitatif*. Bandung: RT. Remaja Rosdakarya

Nirmalasari, Alviana. 2015. *Nilai sastra sajrone dongeng rubik wacan bocah kalawarti panyebar semangat taun 2014*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Sastra anak: mengantar pemahaman dunia anak*. Yogyakarta: Gajah mada university press

_____. 2009. *Teori pengkajian fiksi*. Yogyakarta: Gajah mada university press

Pramono, Made. Dkk. 2005. *Filsafat ilmu (kajian ontologi, epistemologi, dan aksiologi ilmu)*. Surabaya: Unesa university press

Rachels, James. 2004. *Filsafat Moral*. Yogyakarta: penerbit kanisius

Ratna, Nyoman kutha. 2013. *Teori, metode, dan teknik penelitian sastra*. Yogyakarta: pustaka belajar

Samsudin. 2017. *Sosiologi keluarga*. Yogyakarta: pustaka pelajar

Sarumpaet, Riris K. Toha. 2010. *Pedoman Penelitian Sastra Anak: Edisi Revisi*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia

Soekanto, Soerjono. 1991. *Sosiologi suatu pengantar*. Jakarta: CV. Rajawali

Stanton, Robert. 2007. *Teori fiksi Robert Stanton*. Yogyakarta: pustaka pelajar

Surapan, Hutomo Hadi. 1997. *Sosiologi sastra Jawa*. Jakarta : Balai Pustaka

Suseno, Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa : sebuah analisa falsafi tentang kebijaksanaan hidup jawa*. Jakarta : Pt gramedia pustaka utama

Teeuw,A. 1988. *Sastra dan ilmu sastra:pengantar teori sastra*. Bandung: PT Karya Nusantara

Tillman, Diane. 2004. *Pendidikan nilai untuk kaum muda dewasa* (terjemahan:Risa Pratono). Jakarta: Balai pustaka

Winarni, Retno. 2014. *Kajian Sastra Anak : edisi 2*. Yogyakarta : Graha Ilmu

Wulandari, fahrun. 2015. *Nilai moral tembang dolanan gegayutan tumrap kompetensi sikape siswa ing sekolah dhasar*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa